



Progaramu ijanye nabaje nk'impunzi

IMPINDUKA KU BIKORWA KUBERA COVID-19

Imfashanyo ijanye na progaramu y' impunzi irabandanya ku banywanyi muri iki gihe c'ikiza ca COVID-19. Yamara, uburyo ivyo bikorwa bitangwa burashobora guhinduka bivanye n'impanuro hamwe n'ingingo zifashwe n'abajejwe amagara y'abantu.

Usabwe kuronderera kuri **HSP service provider** utarinze guca ahandi kugira ngo muhanahane ivyiyumviro ku bundi buryo bushasha bwashizweho.

Iga ivyerekeranye na **COVID-19 hamwe n'ibimenyetso vyayo**

Guca ku masonga

Progaramu yabaje nk'impunzi ya (HSP) itanga imfashanyo ku bantu binjiye nk'impunzi kugira ngo bubake ubushobozi bwabo hamwe n'ubumenyi kugira ngo bashobore kwibako kandi babe abantu bafise ico bashobora guterera mu kibano ca Australia.

Progaramu ya HSP iratangwa mw'izina rya Reta ya Australia ku bantu bagiraniye amasezerano batanga ivyo bikorwa muri Australia yose. Kugira uruhara muri HSP ni ukwitanga kandi ugakorera ubushake kandi ibikorwa bishikira abanywanyi biciye mu buhinga bwo gutorera umuti ibibazo vyadutse.

Abatanga ubufasha barafasha abanywanyi kugira ngo bashike ku ntumbero ijanye n'ibi bisata vy'ibanze bikurikira vya mbere nk'umushinge wo kumenyera no gushika neza mu gihugu:

- Akazi
- Indero n'Ukwiga
- Ibikorwa bijanye n'indimi
- Ukuronkerwa aho uba
- Gukoresha amahera
- Amagara yo ku mubiri no mu mutwe hamwe n'ukubaho n'ukumererwa neza
- Kugira ico uterereye mu kibano hamwe n'ukutikumira
- Ugukorera mu muryango hamwe n'ugushigikirwa mu kibano
- Ubutungane

Progaramu ya HSP rwateguriwe gukorera hamwe n'ibindi bisata bifasha impunzi baje kuba muri Australia. Urwo rutonde rushingira cane ku gufasha abanywanyi kugira ngo bige Ikingereza kandi bashobore no kwiga hamwe n'imyuga mu kwemeza yuko ingaruka nziza muri ivyo bice bifasha impunzi bashike mu buzima bwo muri Australia babubemwo neza.

Abatanga programu ya HSP dushobora kubasanga aho bari kandi ushobora kurondera izindi nkuru [ngaha here](#).

Abemerewe

Iyo umuntu yemerewe agahabwa imwe muri izi viza zikurikira imuhesha kuba muri Australia, bashikirizwa n'igisata c'ubushikiranganji bw'intwari yo hagati mu gihugu kikabashikiriza abakora ibikorwa vya HSP kugira ngo basuzume imfashanyo bishimikije HSP igihe baba bashitse muri Australia.

- Impunzi zifise visa y'(imirwi 200, 201, 203 na 204); hamwe na
- Abaje nk'impunzi mu buryo budasanze bafise visa y'(umurwi 202) (havuyemwo abafise uruhara mu gushigikira gahunda y'ikibano).

Ibikorwa

Abatunganya Programu ya HSP bakorana n'abanywanyi kugira ngo bashobore gutunganiriza umuntu umwe umwe ku giti ciwe maze bakamuha ibintu biri hamwe kugira ngo hatorerwe umuti ingorane zatowe.

Mu vyo batanga harimwo imfashanyo za mbere nko:

- Kwakirwa ku kibuga c'indege
- Guhabwa aho kuba bagishitse hamwe n'ukwerekwa ingene ibintu bigenda
- Guhabwa ibifungurwa vya mbere hamwe n'ibindi bintu vya nkenerwa vy'ibanze
- Imfashanyo yo kwiyandikisha muri Centrelink, ibijanye no kwa muganga no mw'i banki
- Gutorerwa umuti ivyerekeranye n'amagara vyihuta
- Kubwirwa ivyo bakwiriye gukora mu bihe bigoye mu buryo bwihuta n'ukugene bashobora kuronka ababasisurira mu ndimi bumva
- Kubereka aho ibikorwa bikorerwa mu micungararo.

Ibindi bikorwa biriho vyo gufasha abanywanyi ngo bumve ko bashitse neza mu gihugu harimwo:

- Urutonde rwo kwereka abantu iyo baja n'iyi bava vyubaka abanywanyi mu kumenya ukugene ubuzima bwo muri Australia bumeze n'uburangamutima bwaho
- Kubafasha kumenya ingene bashobora kuronka inzu zabo bazobamwo
- Kubafasha gushikira ibikorwa, harimwo amagara n'ibikorwa vyo gushigikira imiryango
- Kubashira hamwe n'imigwi yo mu micungararo mu kibano hamwe n'ibikorwa bikorwa
- Kubafasha kwiyandikisha muri programa y'ukwiga lkingereza ku bantu bakuze (AMEP) hamwe no kuja muri ivyo vyigwa
- Kubafasha kwiyandikisha ku mashuri ajanye n'ivyo bari bize mbere hamwe no kwiga no kwemeza imyuga n'impamyabushobozi bari bafise imbere yuko binjira muri Australia
- Kubafasha kurondera ubuzi, gushira mu ngiro uburyo bwo kurondera ubuzi hamwe no gushikira ibikorwa vyo gutanguza urudandaza canke ibikorwa bituma umuntu aronka akunguko akabaho.

Programu ya HSP barashobora kandi kworohereza abasaba ibikorwa vyo gusobanurirwa ku buntu (FTS) ku banywanyi bemerewe ariko badashobora kuvyikorera ku buhinga ngurukanabumenyi.

Kuva muri programu ya HSP bivana n'uko abanywanyi baba bashitse neza bakamenyera, bagashikira ivyo bari babonye ko bategerezwa gushikira mu nteguro bari bafise. Ku banywanyi benshi, ivyo bashitseko babishikako guhera ku mezi 6 gushika kuri 18 kuva bageze muri Australia.